

Deklarasyon Konjwen Biwo Pwokirè Jeneral la ak Depatman Edikasyon Eta a konsènan Dwa Elèv Transjan yo

Biwo nou yo te resevwa anpil kesyon nan men plizyè ofisyèl distri lekòl ak òganizasyon konsènan aplikasyon Dekrè Egzekitif (Executive Order, EO) 14190 nan dat 29 janvyè 2025, ak yon EO nan dat 5 fevriye 2025, ki vle limite kapasite lekòl matènèl jiska 12yèm ane pou yo sipòte tranzisyon sosyal elèv transjan yo ak aksè pou yo patisipe nan aktivite espò. Nou ekri w pou nou fè w konnen EO sa yo pa afekte dwa elèv transjan yo ak moun ki nan lekòl piblik Eta New York yo.

EO yo mete restriksyon sou siyifikasyon "sèks" nan Tit IX pou yo ekskli idantite seksyèl. Prezidan an pa kapab fè sa a nan yon fason inilateral. Sa a ta mande pou Kongrè a vote yon lwa—oswa, omwen, yon pwosesis kote genyen avi ak kòmantè pou kreye nouvo règleman. Jan Depatman Edikasyon Eta a te deklare deja, deklarasyon politik prezidansyèl sa yo pa efikas legalman.

Anplisdesa, lwa Eta a kontinye ofri pwoteksyon solid pou elèv transjan yo, tankou dwa pou yo itilize enstalasyon (tankou twalèt ak vestyè) epi pou yo patisipe nan ekip espò ki adapte ak idantite seksyèl yo. Diskriminasyon ilegal kont elèv transjan gen ladan poze kesyon sou idantite seksyèl yo ak sèks yo asiye yo lè yo fèt epi refize itilize non oswa pwonon yo mande yo. Li enpòtan pou nou atire atansyon w sou yon desizyon tribinal federal te pran ki masyone yon EO ki te soti nan dat 5 fevriye 2025 la ki te deklare lè yo bloke règleman 2024 la, sa a pa t limite kapasite lekòl yo pou yo swiv lwa Eta a oswa lwa lokal yo konsènan elèv transjan yo.

Nou konprann lè prezidan an menase pou li retire finansman, sa a ka fè moun pè. Men tou, sa a depase otorite Prezidan an. “[P]wokirè Jeneral la pa ka pouswiv objektif politik branch egzekitif la atravè pouvwa lajan oswa atravè pouvwa fòsdelòd lokal la.” (*City of Chicago v. Barr*, 961 F3d 882, 887 [7th Cir 2020]). Sa a vle di Prezidan an pa ka pran pouvwa Kongrè a oswa kontoune pwosesis legal ki apwopriye a.

Biwo nou yo pran angajman pou li defann Lwa sou Non-Diskriminasyon ki Baze sou Ekspresyon Sèks (GENDA), yon “lwa ki gen pou wè ak lekòl piblik” (Lwa sou Edikasyon § 306 [1]). Distri lekòl yo dwe kontinye suiv lwa Eta a, epi Depatman Edikasyon Eta a ak Biwo Pwokirè Jeneral la ap sipòte distri yo ak edikatè yo k ap defann angajman Eta nou an pou li ofri opòtinite edikasyon egale pou tout elèv.